ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№126 (23.784) ● 2018 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъу

Мамырыгъэм зи гъащIэр щIэзытахэр ягу къагъэкIыж

Хабзэхъумэхэм я ЩIыхь аллеем

Жэпуэгъуэм и 13-м Къэбэрдей-Балъкъэрым ягу къыщыгагъэкIыжащ хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу ди лъахэм мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ илъыным зи гъащIэр щIэзытахэр. Налшык щекIуэкIащ фэеплъ пэкIу.

РЕСПУБЛИКЭМ и мамырыгъэм зи гъащIэр щхьэусыхь хуэзышIа лIыхьужьхэм я фэеплъым пщIэ хуащIу абы кърихьэлIат КЪБР-м и Iэтащхьэм и Къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **КIуэкIуэ Казбек**, Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, КЪБР-м и къарузехьэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, жылагъуэ, дин, ветеран зэгухьэныгъэхэм я лэжьакIуэхэр, республикэ МВД-м и унафэщIхэмрэ ветеранхэмрэ, хэкIуэда хабзэхъумэхэм я Iыхьлыхэмрэбласъэхэмрэ.

Къыдзэхуэсахэм защыхуигъаазэм КIуэкIуэ Казбек жиIащ:

- Нобэ мыбдежым дыщызэхуэсащ лIыгъэмрэ я къалэным зэрыхуэпэжымрэ къаГазэлъагъуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мамырыгъэр зыхъума хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я фэеплъым пщIэ хуэтщIну. Ди республикэм апхуэдэ Iэхэгъуэ гуауэ зэи къыщремыхьуж. Тхэмытыжхэм я фэеплъыр нэху ирехъу.

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ ираташ Къэрал кIуэцI IэхэхэмкIэ министру КЪБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант **Ромашкин Игорь**.

- Ди республикэм и мамырыгъэмрэ шынагъэнщагъэмрэ я гъащIэр щIатащ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэ 37-м. Нобэ дигу кьыдогъэкIыж, я фэеплъым пщIэ худощI зи къалэным пэрыту хэкIуэдахэр. Илъэс 13 ипэкIэ къэхъуа Iэхэгъуэ гуауэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм мыкIуэдыжыну хатхащ. Дэ аэр зэи тщыгъупщэнукъым, сыт щыгъуи ди гум илъынущ, тхузэфIэкI къэдгъанэркъым я фэеплъыр кьэнэн папщIэ, - жиIащ министрым.

Ромашкин Игорь къыхилъхьэри, хэкIуэдахэм я фэеплъым пщIэ хуащIу къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымащ.

ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ къаГазэлъагъуэу ди республикэм и мамырыгъэмрэ зэпIэзэрыт щытыкIэмрэ яхъумэу зи гъащIэм емыблэжа хабзэхъумэхэр ягу къагъэкIыжу, я фэеплъым пщIэ хуащIу, хэщIыныгъэ зыгъэгъта Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ даIыгъуэ къэпсэлъахэщ Экстремизмэмрэ торризмэмрэ пэщIэтынымкIэ «Уи унагъуэм мамырыгъэ илъыну» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI, КЪБР-м и МВД-м и Жылагъуэ советым хэт **Шыбзыхъуэ Сафудин**, КЪБР-м экстремизмэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ япыща лэжьыгъэхэр щIыпIэхэм щызэгъэуIунымкIэ и министр **Къуэшыркъуэ Залым**, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЦIалэгъуалэ советым и унафэщIым и къуэдзэ **Чеченов Рустам**. Къыхагъэщащ ди нобэми, къэкIуэнымкI нэхъыщхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ щытепщэныр зэрыарар, зэкъуэту абы сыт щыгъуи дыхущIэкъун зэрыхуейр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● КЪБР-м и Парламентым

Хабзэ зыбжанэ утыку кърахьэ

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ зи чэзу зэIущIэр. Ар Iуэху дахэкIэ къыщIадзащ - Къэрал, жылагъуэ Iуэхущ-пIэхэм я лэжьакIуэхэм я профсоюзхэм и республикэ комитетым и ЩIыхь тхьылъыр ираташ КЪБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщI Азычэ Светланэ.

ДЕПУТАТХЭР хэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ зи чэзу зэIущIэр. Ар Iуэху дахэкIэ къыщIадзащ - Къэрал, жылагъуэ Iуэхущ-пIэхэм я лэжьакIуэхэм я профсоюзхэм и республикэ комитетым и ЩIыхь тхьылъыр ираташ КЪБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщI Азычэ Светланэ.

Апхуэдэуи зэIущIэм щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щат лэжьапIэм и коэффициентыр 2019 гъэм зыхуэдэнур гъэувыным теухуауэ» КЪБР-м и законым и проектым.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ цIыхуэм социальнэ Iэхэутхьэбзэхэр зэрыхуащIэмрэ мафIэс къэмыхъун папщIэ кIэлъыплъыныгъэхэр къыхэзрызэрагъэпэщыжмрэ ирагъэфIэкIуэным теухуа федеральнэ законхэм я проектхэм. КъыщынэмыщIауэ, хэплъащ Урысей Федерацэм административнэ хабзэхэр къызэплъыдыныжмкIэ и Кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ къыхалъхьэ жэрдэмым.

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм жаIащ Орлов областым и ЦIыхубзэ Советым и депутатхэм УФ-м и Правительствэм зэрызыхуагъэза Iуэхур («Земский учитель» къэрал программэр зэхэгъэуэвэным теухуар) зэрыдаIыгъыр. Депутатхэм шэч кьытрахьэркъым программэм и фIыгъэкIэ къуажэхэр егъэджакIуэхэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэща зэрыхъунум.

Депутатхэм зэдзэрэзыуэ Iэ яIэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм зэман зэхуэмыдэхэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа, комсомолым и ветеранхэм КЪБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхьылъэр ираташу къызэрагъэлъэгъуамкIэ.

КЪБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр траухуащ жэпуэгъуэм и 25-м.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ IапIэ.

КIуэкIуэ Казбек Аруан, Май, Шэджэм, Iуащхьэмахуэ, Бахъсэн районхэм я мэкъумэш Iуэхущ IапIэхэм щыIащ икIи республикэм и бизнес IэнатIэм и лэжьакIуэхэм яхуэзащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек Аруан, Май, Шэджэм, Iуащхьэмахуэ, Бахъсэн районхэм я мэкъумэш Iуэхущ IапIэхэм щыIащ. Республикэм и унафэщIыр яIущIащ Бахъсэн къалэм и агропромышленнэ бизнес-инкубаторым щекIуэкIа бизнес зэхьыхьэм хэтаха.

РЕСПУБЛИКЭМ и хьэрычэтыщIэхэм щепсальэм, КIуэкIуэ Казбек кьытпэщыт зэман гъунэгъум пыщIа къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу бизнесым зыхуэфащэ Iэмалхэр къыхуэзгъэпэщыныр абы дэIэпыкъуныр зэрыщытыр къыхигъэщхьэхукIащ. Ауэ, къигъэлъэгъащ КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм, нэхъыщхьэ дыдэр - жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэрщ. ЗэпIэзэрытыныгъэ щымыIэмэ, къыпищащ республикэм и унафэщIым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм «Зы сом зыми къыхилъхьэнукъым».

Апхуэдэу абы жиIащ Iэщагъэ нэс зиIэ лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным гулъытэшхуэ хуэщIын зэрыхуейр.

«Псом япэу ди щIалэхэм ящыщхэр Iэщагъэм хуегъэджэным, ахэр IэнатIэхэм егъэувэлIэным къарууэ диIэр етхьэлIэнущ, - жиIащ КIуэкIуэм. Абы и лъэныкъэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр къыхилъхьэну КЪБР-м и Правительствэм хуагъэуващ.

ЗэIущIэм нэхъ зыубгъуауэ щытепсэлъыхьащ инвестицэхэр къызэщIэгъэуIуэным, финанс IэнатIэр зэтес щыжыным, банк IэнатIэр къагъэсэбэпырэ Iуэхущ IапIэ мыинхэм финансхэр зэрызэрагъэпэщыр гъэтэмэныным, административнэ лъэпощхьэпохэр къызэнэкIыным, коммуникацэхэмрэ финанс Iуэхуэхэмрэ яхуэгъэза лэжьакIуэ пэрытыр щIэгъэкъуэн къэщIыным.

КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

● Хъыбар гуапэ

Ныбжьыщ Iэхэм я Олимп чемпион Тембот Ахьмэдхъан



Аргентинэм и къалащхьэ Буэнос-Айрес мы махуэхэм щокIуэкI Ныбжьыщ Iэ Олимп Джэгухэр. Вэсэмахуэ абы дыщэ медалыр къыщихьащ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм щыщ Тембот Ахьмэдхъан.

БЭНЭКIЭ хуитымкIэ килограмм 80-м нэс зи хьэпъагъхэм я зэпеуэм адыгэ щIалэм къащыпэлъэщын къыхэкIакъым. Дыщэм щыхущIэкъуа кIэух зэIущIэм къыщыпэуа Алжирым щыщ Бенферджаллахь Фатехь Тембот Ахьмэдхъан тригъэкIуэдар секунд 76-щ. И хьэрхуэрэгъэр тридзэри, абы текIуэныгъэ къабзэр псынщIэ дыдэу зыIэригъэхьащ. Иджы ар Ныбжьыщ Iэхэм я Олимп чемпионщ! АдэкIэ балигъхэм я дежи ардыдэр къыщыпэплъэну дыхуохъуахъуэ.

Илъэс пщыкIубл си ныбжь Тембот Ахьмэдхъан къыщалъхуари къыщыхъуари Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ ХьэтIохъущыкъуей къуажэращ. Нэгъабэ ялэ екъуIэныгъэ иныр зыIэригъэхьащ, Европэм и чемпион хъури.

Олимп резервхэр щагъэхьэзыну Крымым щыIэ училищэм иджыпсту щеджэ икIи зыщызыгъасэ ди лъахэгъу щIалэщIэм щэч хэлъхьэм текIуэныгъэ инхэр дяпэкIи зэриIэнум.

ЖЫЛIАСЭ Заурбэч.

● КЪБР-м и Парламентым

Нобэрэ пщэдейрэ

Жэпуэгъуэм и 16, *гъубж*

♦Ерыскъым и дунейпсо махуэщ
♦ЩIакхъуэм и дунейпсо махуэщ
♦Анестезием и дунейпсо махуэщ
♦Iуэхущ IапIэм и унафэщIым и махуэщ
♦Армением и прессэм и махуэщ
♦1946 гъэм, Нюрнберг судым и унафэкIэ, нацист щIэпхъаджащIипщым я щхьэхэр пальэуэ щытащ. Абыхэм яхэтащ Гитлер нэхъ гъунэгъу дыдэу бгъэдэтахэу Риббентроп Иоахим, Кейтель Йохан Густав, Кальтенбруннер Эрнст сымэ.
♦1962 гъэм лэжьэн щIидзащ «Юность» радиостанцым.
♦1964 гъэм Китайм ящэ атомнэ бомбэр щагъэунэхуауэ щытащ. Ар къыщагъэуащ Лобнор гуэлым пэмыжыжьэу иIэ полигоным.
♦1991 гъэм Налшык щыIэзэхтащ КЪБР-м ис лъэпкъхэм я нэхъыжьыфIхэм я съездэ.
♦Каир щыщ адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ, «хьэрыпэ усакIуэхэм я пащтыхьу» къалыпIэ **Шэукъый Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэси 148-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Кърдэн Бубэ** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КЪБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, литературовед, критик, публицист **ТIымыжь Хьэмыщэ** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.
♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Шэджэхьэщ Iурэ** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.
♦Оперэ уэрэджэщIакIуэ, УФ-м и цIыхубз артист **Хворостовский Дмитрий** къызэралъхурэ илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 19, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 17, *бзаджэгъуэ*

♦Къулейсызыгъэм ебэныным и дунейпсо махуэщ
♦1740 гъэм Беринг Витус и экспедицэм хэтхэм Петропавловск-Камчатский къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.
♦1902 гъэм Детройт (США) къалэм къыщыщIагъэкIащ япэ «Кадиллак» автомобиль.
♦1905 гъэм Урысейм и япэ Къэрал Думэр зэхьыхащ.
♦1918 гъэм дунейм щыяпэу Москва къыщызэIуахащ сабийхэр зэрыджэгу къэпшыпым и музей.
♦1938 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ ягъэуващ «Хахуагъэм папщIэ», «Заузым къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ» медалхэр.
♦1945 гъэм СССР-м къыхагъэхащ Кёнигсберг къалэр, абы къедза щIыналъэхэри щыгъуэу.
♦1961 гъэм Къэрал Кремль Уардэунэр къызэIуахащ. 1992 гъэ пщIондэ абы зэреджэу щытар Съездхэм я Кремль Уардэунэ жиIэущ.
♦1990 гъэм «Внешторгбанк»-р къызэрагъэпэщащ. Идыгепсту ар ВТБ банкырщ.
♦Маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и Лыхъужь, 1967 - 1976 гъэхэм СССР-м зыхьымэжныгъэмкIэ и министру щыта **Гречкэ Андрей** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.
♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Тохъутэмыщ Хъызыр** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ цIэрыIуэ, публицист, ЩIДАА-м и академик, КЪБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Котляров Виктор** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, уэшх тIэкIу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 18, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япыща Iуэхуэхэм къыхэкIыжыну мурад зыщIа цIыхуэхэр мамыр гъащIэм хэзэгъэжьын папщIэ ядэIэпыкъунымкIэ щыIэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япыща Iуэхуэхэм къыхэкIыжыну мурад зыщIа цIыхуэхэр мамыр гъащIэм хэзэгъэжьын папщIэ ядэIэпыкъунымкIэ щыIэ комиссэм хэтхэр къыщIэныгъэ теухуауэ» 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыдигъэкIа Указ №43-УГ-мкIэ къыщIатащ, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Асанов А. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрыр

Бэрсэдж А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ кIэлъыплъагъэкIа Указ №17-УГ-мкIэ къыщатам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ кIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм щыщхьэуIум и 2-м къыдигъэкIа Указ №89-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщызэгъэпэщыныmkIэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуIу зэхуэсым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ 2015 гъэм мазаем и 10-м къыщатам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ кIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2017 гъэм щIышылэм и 26-м къыдигъэкIа Указ №95/1-УГ-м;

3. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ

КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м
№152-УГ

(ЗэзыгъэуIу зэхуэсым хэтхэр 2-нэ нап. итщ).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщызэгъэпэщыныmkIэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуIу зэхуэсым хэтхэр къыщIэныгъэ теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщызэгъэпэщыныmkIэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуIу зэхуэсым хэтхэр къыщIэныгъэ теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 10-м къыдигъэкIа Указ №17-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщызэгъэпэщыныmkIэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуIу зэхуэсым хэтхэр къыщIэныгъэ теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ 2015 гъэм мазаем и 10-м къыдигъэкIа Указ №17-УГ-мкIэ къыщатам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ кIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 10-м къыдигъэкIа Указ №80-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщызэгъэпэщыныmkIэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуIу зэхуэсым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ 2015 гъэм мазаем и 10-м къыдигъэкIа Указ №17-УГ-мкIэ къыщатам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ кIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм щыщхьэуIум и 2-м къыдигъэкIа Указ №89-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщызэгъэпэщыныmkIэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуIу зэхуэсым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ 2015 гъэм мазаем и 10-м къыдигъэкIа Указ №17-УГ-мкIэ къыщатам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ кIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2017 гъэм щIышылэм и 26-м къыдигъэкIа Указ №95/1-УГ-м;

3. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ

КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м
№152-УГ

(ЗэзыгъэуIу зэхуэсым хэтхэр 2-нэ нап. итщ).

Шыбзыхъуэ С. Къ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхьылъыр етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Жылагъуэ лэжьыгъэм жыдэжру зэрыхэтым икIи терроризмэм и идеологием пэщIэтныныmkIэ езым и щхьэкIэ куэд зэрызэфIигъэкIам папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхьылъыр етын **Шыбзыхъуэ Сафудин Къэрэшаш и къуэм** - терроризмэм ебэныным жылагъуэр хуэзщIагъэуIуэныmkIэ «Уи унагъуэм мамырыгъэ илъыну» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ

КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м
№154-УГ

● Уэгу транспорт

Санкт-Петербургрэ Налшыкрэ зэпещIэ

Нобэ щыщIэдзауэ Налшыкрэ Санкт-Петербургрэ уэгу транспортым зэпищIэнущ. «Нордавиа» авиакомпаниемрэ къхъухьлъатэкIэ къызэригъэпэщащ.

«ПУЛКОВО» аэропортым бэрэжьей, тхьэмахуэ къэс «Боинг-737» кхъухьлъатэхэм зыщаIэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэр я унэтIныныгъэу.

- Налшык дызэрыльэтэнум Iэмал къыдитынущ Кавказ Ищхъэрэм худиIэ зэпыщIэныгъэхэм нэхъри зедгъэубгъуну. Ар ди унэтIныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ, - къыджиIащ «Нордавиа» компаниемкIэ и унафэщI Родионовэ Светланэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Жэпуэгъуэм и 17, *бзаджэгъуэ*

♦Къулейсызыгъэм ебэныным и дунейпсо махуэщ
♦1740 гъэм Беринг Витус и экспедицэм хэтхэм Петропавловск-Камчатский къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.
♦1902 гъэм Детройт (США) къалэм къыщыщIагъэкIащ япэ «Кадиллак» автомобиль.
♦1905 гъэм Урысейм и япэ Къэрал Думэр зэхьыхащ.
♦1918 гъэм дунейм щыяпэу Москва къыщызэIуахащ сабийхэр зэрыджэгу къэпшыпым и музей.
♦1938 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ ягъэуващ «Хахуагъэм папщIэ», «Заузым къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ» медалхэр.
♦1945 гъэм СССР-м къыхагъэхащ Кёнигсберг къалэр, абы къедза щIыналъэхэри щыгъуэу.
♦1961 гъэм Къэрал Кремль Уардэунэр къызэIуахащ. 1992 гъэ пщIондэ абы зэреджэу щытар Съездхэм я Кремль Уардэунэ жиIэущ.
♦1990 гъэм «Внешторгбанк»-р къызэрагъэпэщащ. Идыгепсту ар ВТБ банкырщ.
♦Маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и Лыхъужь, 1967 - 1976 гъэхэм СССР-м зыхьымэжныгъэмкIэ и министру щыта **Гречкэ Андрей** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.
♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Тохъутэмыщ Хъызыр** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ цIэрыIуэ, публицист, ЩIДАА-м и академик, КЪБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Котляров Виктор** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, уэшх тIэкIу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 18, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Мыгъуэр зи мыгъуэр пхъэрыпэщ.

ПОЧТА РОССИИ

«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми илъын хуейщ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

ФокIадэм и 1-м щIидзауэ КЪБР-м Пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм ирегъэкIуэкI 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыщIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ трегъэдзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэкIэ къыщыдэкIыр. ДызэригугъэмкIи, ар яIэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэмэ.

ГъэщIагъуэн куэд къивгъэтэнущ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуазджэ, спорт хъыбарыщIэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхъэхэм ятеуха тхыгъэхэр, нэгъуэщI куэдри.

Газетым Iэ щытевдзэ хъунущ КЪБР-м и Пощт Iуэхущ IапIэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Iэ тедзапIэщ илъэс ныкъуэм сом 612-рэ кIэнпIейкIэ 78-рэ хъууэ ящыт.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м къыдигъэкIа Указ №152-УГ-мкIэ къыштащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщыдзэгъэпэщынымкIэ зэпымыуу лажьэ зэрыгъэуIу зэхуэсым ХЭТХЭР

КIуэкIуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр *(зэзыгъэуIу зэхуэсым и тхьэмадэщ)*

Тату К. Б.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и Секретарыр *(зэзыгъэуIу зэхуэсым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Бауаев А. К. - Урысей Федерацэм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Беппаев С. У.- балъкъэр лъэпкъым я «Алан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Бырмамыт Ч. Гъу. - Тезырхэр егъэпшыныныкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Васильев С. С. - Урысей Федерацэм Лъэпкъ гвардием и дзэхэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Волошин В. В. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ хъумакIуэ къулыкъущIапIэм Связь хэхамрэ информацэмкIэ и центру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Воронин С. В. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Егоровэ Т.Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Жанджэрий Хь. Хь. - Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм транспортым щыIэ и Налшык линейнэ къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Жариков О. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорыр *(зэгурыIуауэ)*

Жэмыхъуэ Р. Б. - Налшык и транспорт прокурорыр (зэгурыIуауэ)

Журавлёв А. И. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Зумакулов Б. М. - ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

Канунников А. Д. - «Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Куэушырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министрыр

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ

Къумал Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Уэфылхэм я палатэм и президентыр *(зэгурыIуауэ)*

Мер Ю. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ*Iыр (зэгурыIуауэ)*

Муртазов Б. С. - Шэрдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Iыр*

Надежин М. В. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхуэ гузэвегъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжыныкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Новосельцев В. И. - гарнизоным 316-нэ дзэ прокуратуэм и дзэ прокурорыр *(зэгурыIуауэ)*

Павлов А. Л. - «Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Гъунапкъэхъумэ управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ» федеральнэ къэрал кIэзонэ Iуэхущ*IапIэм и* унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Ромашкин И. К. - къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

Устэ В. Хь. - Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетым Следствием и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

ХъэфIыщIэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Мамырыгъэм зи гъащIэр щIэзытахэр ягу къагъэкIыж

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нап.).

КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин Iуэхущ*IапIэм* и тхьэмадэ **Дзасэжь Хьэзрэтэлий** хэкIуэдахэм тхьэ яхуелъэIуащ. Благочиннэ **Бобылев Валентини** апхуэдэ Iуэхугъуэр зэфIигъэкIащ.

Фэеплъ пэкIум пащэу КъБР-м Къалэн куэд щагъэзащIэ щIалэгъуалэ центрым и волонтёрхэм мамырыгъэр яхъумэу къамыгъэзэжыну тхэкIыжахэм я фэеплъым и дамыгъэу шар хужь гъэпщахэр яутIыпщащ.

ЗэIущIэм кIырихьэлIахэм, КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек я пашэу, удз гъэгъахэр тралъхьащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм, мамыр зэманым зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъым.

ЛIыгъэм и дерс

Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я Фэеплъ махуэм теухуа ЛIыгъэм и дерс щекIуэкIащ **Налшык къалэ** дэт курыт еджапIэ №99-м.

ШколакIуэхэмяхуэзащI КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъынымкIэ и управленэм и оперуполномоченнэ нэхъыжь, полицэм и подполковник **Давыдовэ Иринэрэ** Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыIэм балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI, полицэм и майор **Османов Мухьэрбийрэ**. ХьэщIэхэм ныбжьыщIэхэм ягу къагъэкIыжащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Налшык къалэм къыщыхъуахэр.

- Дэ псоми тщIэн икIи тщыгъупщэн хуейкъым Хэкум деж я къалэныр щагъэзащIэу дамэтель зезыхьэ цIыхухэм къагъэлъэгъуа лIыгъэр. Абыхэм я гъащIэр щIатащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я мамырыгъэмрэ къэкIуэнымрэ, - къыхиигъащащ Давыдовэ Иринэ.

Класс нэхъыжь школакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ захуигъэзащ Османов Мухьэрбий.

- Ди лIыхъужьхэм къагъэлъэгъуар Хэкур фIыуэ лъагъуным и щапхъэшхэу, - къыхиигъащащ абы.

ЗэIущIэм и кIэухым, полицейскэм я къэпсэлъэныгъэхэм едэIуа школакIуэхэр тепсэлъыхьащ я къулыкъур, дзэ къалэнхэр ягъэзащIэу хэкIуэда я Iыхьлыхэм.

Зэманыр пэлъэщыркъым

Фэеплъ Iуэхугъуэхэр **Бахъсэн щIыналъэми** щыIащ.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Налшык къыщыхъуахэр ягу къыщагъакIыж махуэм Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм щекIуэкIащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьакIуэхэм я фэеплъ Iуэхуэр. Абы хэтащ хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэр, я лэжьэгъуэр, къудамэм и ветеранэр, къудамэм дэлажьэ Жылагъуэ советым, къалэ, район администрацIэхэмрэ прокуратурэмрэ я лIыкIуэхэр, школакIуэхэр.

Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и унафэщI, полицэм и полковник **Хэжь Асльэнбий** жиIащ къулыкъукIэ я къалэныр ягъэзащIэу хэкIуэда, я гъащIэм емыблэжу зэпIэзэрытыгъэхэм мамырыгъэмрэ къызэзыгъэпэща я ныбжьэгъуэхэм я фэеплъыр сыт щыгъуи хъумэныр я пщэ къызэрыдэхуэр.

- Абыхэм я хахуагъэмрэ ята тхьэрыIуэм зэрыхуэпэжымрэ щапхъэу дэ догъасэ щIэблэщIэр, - къыхиигъащащ Хэжьым.

Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэ хэкIуэдахэм я фэеплъым пщIэ хуащIу дакъикъкIэ щымащ, мамырыгъэр яхъумэу зи гъащIэр щIэзытахэм я фэеплъым и дамыгъэу шар хужь гъэпщахэр яутIыпщри фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

Я фэеплъым пщIэ хуащI

Бахъсэн къалэм щекIуэкIащ цIыху куэд зыхэт зэдзэжэ. ЕкIуу къызэрагъэпэща спорт Iуэхугъуэ иным Лениным и проспектым къытришат цIыху минищым нэблагъэ.

Iуэхум щIидзэным и пэ къихуэу Бахъсэн къалэ администрацэм и Iэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим** къыхилъхьэри, ди лъахэм и мамырыгъэр бзаджащIэхэм щахъумэу хэкIуэда хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм я фэеплъым пщIэ хуащIу дакъикъкIэ щымащ.

Къалэ спорт Iуэхум жыджэру хэтащ сыт хуэдэ ныбжьыкI юриуфыдэ бахъсэндэсхэр. Абыхэм яхэтащ Бахъсэн къалэ округым и администрацэмрэ къалэ советымрэ, жылагъуэ Iуэхущ*IапIэхэмрэ* зэгухьэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр, спортсменхэр, школакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ, къызэрыгуфIкI кьалэдэсхэр. ГъащIэгъуэну, узыIэпащэу уакIэлъыплъыт ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ къакIэрымыхуу кьажэ пенсионерхэм. Спортым сыт хуэдэ ныбжьри зэрыхэзагъэр наIуэт.

Iуэхур зэфIэкIыху, къалэм и уэрам нэхъыщхьэм щыплъыращ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм», полицэм, МЧС-м я лэжьакIуэхэр.

Фэеплъ зэдзэжм бахъсэндэсхэм къыщагъэлъэгъуащ спортым зэрыхэзагъэр, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къариитащ

Нэхъыщхьэр къагуроIуэ

Тырныауз къалэм щызэхэта щыгъуэ пэкIум хэтащ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Залиханов Къанщоубийрэ** муниципалитетым и лIыкIуэхэмрэ, Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ щIыналъэмкIэ и къудамэм и Жылагъуэ советым хэт **Газаевэ Зухра**, Iуащхьэмахуэ районым щыIэ ОВД-мрэ ВВ-мрэ я ветеранхэр, хэкIуэда хабзэхъумэхэм я унагъуэхэм щыщхэр, къудамэм и унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ, апхуэдэуи школакIуэхэр, районым щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ.

Я къалэн ягъэзащIу 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м хэкIуэда къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэм я Фэеплъ махуэм ягу къагъэкIыжащ илъэс 13 и пэкIэ къэхъуахэр, я гъащIэм емыблэжу я къалэныр зыгъэзэщIа, я тхьэрыIуэм хуэпэжу хабзэр, ди лъахэм и мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ зыхъума къудамэм и лэжьакIуэхэр.

Урысей МВД-м и къудамэу Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыIэм и унафащI, полицэм и подполковник **Скичко Сергей** къыщыпсалъэм къыхиигъащащ: «Дэ зэи тщыгъупщэркъым я къалэнхэр ягъэзащIэу хэкIуэдахэр, абыхэм я унагъуэхэм сыт щыгъуи ди нэIэ ятетынир ди лэжьыгъэм къыгуэх имыIэу и Iыхьэм и мызакъуэу, ар ди къалэнщ. Нэхъыщхьэр апхуэдэ гуаузкэр къытрагъэзэжу къымыгъэхъунырщ, ди республикэм, районым щыпсэуэхэм я щынагъуэншагъэмрэ и зэпIэзэрытыныгъэмрэ къызэгъэпэщынырщ. Дэ дрогушхуэ ди лIыхъужьхэм. Абыхэм я фэеплъыр мыкIуэдыжынщ, я щIыхьыр лъагэщ».

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

Къуажэхэр зэпещIэ

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм хыхьэ Лашкута жылагъуэм гъэзэгущIэ щаухуащ.

КъУАЖЭМ и мылькум къыхэкIа ахъшэкIэ яуха гъэзэгущIэр жылэм къыпекIухьри, гъэмахуэ хъупIэхэм ёокIуалIэ. Зэман и пэкIэ Лашкута уридыхьэу псым тельар зы лъэмыж закъуэщ. Абы къуажэр пищIэрт федеральнэ гъэзэгум къыIуас, Бахъсэн щIыналъэм хиубыдэ Жанхъуэтекъуэ. ЩIэзуэ яуха гъэзэгуми а къалэн дыдэр игъэзащIэнущ.

Лашкута и уэрамхэри къагъэнэхуащ: гъэзэгу фондым кьыхэкIыу уэздыгъэ 100 фIадзащ, Ахэр электрокъаруу къагъэсэбгъар къызэрапщытэ Iэмэпсымэхэм падзащ, абы текIуадэ мылькур нэхъ зэгъэзэхуа хъун папщIэ.

ТАРИМ Алисэ.

● Тхылъыщ*Iэ*

Къэнжал зауэм и хъыбархэр

«Абы (тырку сулътIаным) Кърымым нутIыпщащ къаныщIэ Долят-Джэрий, псалъэ къыхэмыкIыну Урысейм гурыIуэн, мамырыгъэр яхъумэн хуейуэ унафэ хуищIри. ЩIыпIэм щынэсам Долят тхьэусыхэрт ипэ ита унафэщIым тэтэр мин 30 щэрджэсхэм акъыл хэмылъу пэщIигъэувэу (дапщэщ?) зэрыригъэукIам щхьэкIэ». МащIэщ щыгъуаззр Къэнжал зауэм ехьэлIа мы псалъэхэм, ар зейри куэдым ящIэркъым.

«ПЕТР I И ТХЫДЭ» тхылъым щхьэкIэ Пушкин Александр игъэхьэзыра тхыгъэхэу нэмытхысауэ къэнахэм щыщщ мы пычыгъуэр. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкIэ, усакIуэм фIэгъэщIэгъуэнат а зэпщIэувэзыгъэ иныр, арат щыщIа зэманыр иубзыхуну щIыхуейри. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, мыр къызыхэтха лэжьыгъэр Пушкиным итхыну мурад щищIар 1827 гъэращ.

«Дапщэщ?» упщIэми, нэгъуащI куэдми и жэуап къыщыбгъуэтынущ иджыблагъэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Канжальская битва: взгляд через столетия» лэжьыгъэм. Ар зэхэзыгъэувар лъахэхутэ Котляров Викторщ.

Къэнжал зауэр - тхыдэ напэкIуэцIщ. Ар нобэрей гъащIэм къыгурыкIыну имыIэу епхащ, дызыхэпсоцкI зэманыр къыдгурыIуэнымкIэ сэбэпышхуэ зэрыхъуми шэч хэлъкъым. Иужьрей Iуэхугъуэхэу ди республикэм къыщыхъуахэр абы щыхьэт тохъуэ. Тхыльыр дунейм къытезыгъэзыхьахэм зыхуагъэувыжакъым зыгуэр зэхагъэкIын е къэхъуэ Iуэху зэIумыбзэхэр зэрызэгъэзэхуэжа хъуным и жэуап иратын мурадхэр. Къалэн нэхъыщхьэр зыщ - тхыдэм и пэжыр цIыхухэм я деж нэхъсныырщ. БлэкIар пщIэн хуейщ, хъыбархэмрэ архив дофтэрхэмрэ тегъэщIапIэу уиIэу. КъыумытхыкIыжу, щымыIахэр къыумыгупсысу, пщIэ къудейуэ. ЩIэныгъэрщ, Iуэхум фIыуэ хэпщIыкIынырщ блэкIам и къуэпсым къуэж щиIэ нобэрей гъащIэм къыщыхъу хьэлэбэлыкъ куэдым ущызыхъумэнур.

Тхылъым къыщыхьащ Къэнжал зауэм теухуауэ пасэ зэманым ятахэр, иджырей щIэныгъэлIэхэм абы ехьэлIауэ яIэ Iуэху епIыкIэхэр, и мыхьэнэр къызэральытэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэхэр. ГъэщIэгъуэнщ, псалъэм папщIэ, уэсмэн тхыдэджхэу Мехмед-Ага Фындыклыырэ Мухьэммэд Ризэ Сейидрэ, щIэныгъэлI Рашид Тарихъ, франджы зыплъыхьакIуэхэу Абри де ла Мотрерэ Дюбуа де Монпере Фредерикрэ, молдовэ къэрал къулыкъущIэ Кантемир Дмитрий, нэмыцэ щIэныгъэлIхэу Кемпфер Энгельбертрэ Паллас Петр-Симонрэ, тхыдэтх Броневский Семён, публицист Данилевский Николай сымэ, зэгурыуущIэхэми я IэдакъэщIэкIхэр. Ахэр щатхар илъэсищэ е нэхъыбэ ипэкIэщ.

Iыхьэ щхьэхуэ хухэхащ Къэнжал зауэр щIыхубзм и гум къызэринам. Тхылъым итщ ар адыгэ, балъкъэр, осетин лъэпкъхэм я IуэрыIуатэмкIыхьэзырыхэщIр. А хъыбархэмрэ щIыху щхьэхуэзэм къаIуэтэжахэмрэ тхыдэ лэжьыгъэм псэщIэ кьыхэгъэхьэ, Iуэхур нэхъ щIэщыгъуэу уи пащхьэ къерэтхьэ.

ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием Урысей тхыдэмкIэ и институтым Урысеидзэм и тхыдэмкIэ и центрым къызэригъэпэщащэу ирагъэкIуэкIа лъахэхутэ лэжьыгъэхэм ярикIуахэращ тхылъым и иужьрей Iыхьэр зыхуэхэар. А Iуэхугъуэращ 1708 гъэм екIуэкIа Къэнжал зауэм и тхыдэ мыхьэнэр нэсу къызэрыгъэльэгъуарэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Я жылпэри ящыгъупщэртэкъым

КъБР-м и прокурор Жариков Олег Iэ щIидзащ Урысейм и ФСИН-м Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэу щытар зэрагъэкъуаншэ уголовнэ Iуэхум. Ар жэуапым ирашащIэ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьым и 4-нэ IыхьэмкIэ (зэщIэгъэуIуа гупым мылъкушхуэ зыIэригъэхьэн мурадкIэ зэхищIыхьа хьэрэщащэр), нэгъуэщIхэмкIэ.

IУЭХУР зэхэзыгъэкIахэм зэрыжаIэмкIэ, ищхьэкIэ къэдгъэльэгъуа къулыкъур зыIыгъ бзаджащIэр федеральнэ кIэзонэ колоние-псэупIэм и унафэщIхэмрэ Налшык щыщ хьэрычэтыщIэхэмрэ япэщIыкIэ ягурыIуэри, къэбыстэр жэгундрэ зыгуэным тещIыхьа лэжьыгъэр къэрал заказкIэ щагъэзащIэм колониеим псори зэхэту сом мелуан 1,6-м щIигъу фIадыгъуащ.

Хэку зауэшхуэр къэхъея нэужь, жэуаплыныгъэ ин бгъэдэлъу зи къалэныр къезыхьэлIа зауэлIым къыхуагъэфэщащ «За победу над Германией» дамыгъэ лъапIэр. 1946 гъэм, ар Докшукинэ станцым (иджы Нарткъала) къэзэпхъуауэ, щопсэу. Апхуэдизэ ныбжь иIэу хуумыгъэфэщэну Руднев Иван ноби жанщ, и Iуэху Iыхьэ къырихьэлIэу. Нарткъалэ зэрыщыпсэуа илъэсхэм къриубыдэу ар лэжьащ консерв заводым и гаражым, ДОСААФ-м и автошколэм я унафэщIу, щIыпIэ самоуправленэм и советым и депутату хахуащ. Руднев ым и уэн ремонтыр тхьэмахуэ зэхуакуIэ зэрыIахьнущ. Абы елэжь ухуакIуэхэм пэш кIуэцIхэр зыхуэй хуэзэу зэрахьащ. Иджы унэ щIыбыр къагъэщIэрэщIэжынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

«Автобусхэр ирикIуэну хуит ящIыркъым» дамыгъэр

УФ-м и Правительствэм «Урысей Федерацэм Гъэзэгуэм зэрыщызекIуэ хабзэхэм я япэ гуэдзэным и ещанэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» 2018 гъэм накъыигъэм и 30-м къыдигъэкIа унафэ №618-м ипкъ иткIэ 2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-р къэсыху гъэзэгуэм щыфIлъагъуныщ «Автобусхэр ирикIуэну хуит ящIыркъым» дамыгъэр.

ДАМЫГЪЭЩIЭР хъурейуэ щIащ. Абы и кум автобус теплъэ итщ.

Дамыгъэм и къарур яIэлъэсыркъым къалэ кIуэцIым, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ, къалэхэм я зэхуакуэм цIыхухэр графикэм тету кьыщезышэкI транспортым.

Iэ зэтрадза зэрагъэкъуаншэ тхылъыр КъБР-м и Налшык къалэ судым хуагъэхьащ хэплъэн папщIэ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

● Мылъку

Банкым и унафэщIыр ягъэкъуаншэ

ХьэгъэщагъэкIэ сом мелуан 660-м нэблагъэ зыIэригъэхьауэ коммерцэ банкым и правленэм и унафэщIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэкъуаншэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм Урысей ФСБ-м и щIыналъэ управленэм дэщIыгъуу иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къыщIигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и коммерцэ банкхэм ящыщ зым хьэгъэщагъэ ин зэрыщыщэрахьар.

Хабзэхъумэхэм къызэратамкIэ, 2016 - 2018 гъэхэм къыриубыдэу финанс Iуэхущ*IапIэм* и правленэм и унафэщIым жэуап пыухыкIа зыхь обществэхэм ящыщ зым и Iэтащхьэм и гуэсэу щIэпхъаджащIэ Iэмалхэр кьызэригъэпэщащ банкым и мылъкур зыIэригъэхьэн папщIэ. Гурыщхъуэ зыхуащIхэм щIыналъэм щыпсэухэм я потребительскэ кредит заявкэ нэпцIу 148-р зэхалъхьащ, дэтхэнэмкIи сом мелуани 4,7-м щыщIэдзауэ сом мелуани 6,8-м нэс кьыIахьын папщIэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iэхущ*IапIэм* къызэритамкIэ, абы щыгъуэми кредит зыIэригъэхьэн папщIэ хьэрычэтыщIэм тхылъ нэпцIхэр зэригъэпэщащ: хэхъуэмкIэ справкэхэр щыхуэхэр къэзыщтэхэр и унафэм щIэт ООО-м щылажьэ хэдзэу.

Зохагъэува кредит зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ «щыхуэ къэзыщтэхэм» Iэрагъэхьащ псори зэхэту сом мелуан 659,5-рэ. А мылъкур къащтащ банкым и правленэм и унафэщIымрэ зыдигъэIэпыкIуамрэ.

УФ-м и Уголовнэ кодексым и 159-нэ статьым и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ (хьэгъэщагъэ), Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм абы теухуа уголовнэ Iуэху кьиIэтащ. Ягъэхъуаншэр илъэсипщIым нэскIэ ягъэтIысыжынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм къыхилъхьэри, Налшык къалэ оудым унафэ ищIащ ягъэхъуаншэхэр мазиткIэ тутнакъэщым щаIыгъыну. Иджыпсту зэхагъэкI щIэпхъаджащIэ Iэмалыр къэзыгъэсэбэпахэм нэгъуэщI зыгуэрхэр хэтамэ.

ХЬЭТАУИслъам.

Щ1эныгъэлIым и лъэужьыр

Ди республикэм егъэджэныгъэ I энатIэм зышегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIэхэм ящыщщ педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБАССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, ЩIДАА-м и академик Темрокъуэ Индырбий Хьэжумар и къуэр. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм зи зэфIэкI къыщызыгъэлъэгъуэ I эщIагъэлIыр ящыщт Хэку зауэшхуэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ зезыхьэу хэта адыгэлIхэм, 115-нэ шуудзэм и тхыдэм теухуауэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъахэм. Псэужамэ, жэпуэгъуэм и 11-м ар илъэси 100 ирикъунут .

● Япэ итахэр

ТЭРЧ щIыналъэм хыхьэ Болэтей къуажэм 1918 гъэм къыщалъхуащ Темрокъуэр. ПсэукIэщIэр къэралым щыщаухуэ лъэхъэнэм зи сабиигъуэр ирихьэлIа Индырбий пасэу зыхиущIащ гъащIэм и дыджри, абы хэлъ лъэпощхьэпохэр. А гугъуехьхэм ялсыхьа щIалэщIэр къэтэджащ хьэл зэпIэзэрыт хэлъу, и гур еджэным хуэзIухауэ. А щэнхэр и гъэзугъэлъагъуэу, Индырбий фIы дыдэу къиухащ Налшык дэт мэкъумэш техникумыр, иужькIэ и щIэныгъэм щыхигъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым и физико-математикэ факультетым.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям щыгъуэ, Темрокъуэр унагъуэ хьуа къудейт, я къуажэм дэт курыт школым и унафэщIу лажьэрт. Ильгъ къулыкъум теухуауэ Индырбий хуитныкIуэ иIэт фронтым дамышыну, арщхьэкIэ ар езыр и лъэужкIэ зэуапIэм Iухьащ икIи 1941 гъэм и дыгъэгъаэм къыщыщIэдзауэ 1945 гъэм и щэкIуэгъуэ пщIондэ зэуащ.

115-нэ шуу дивизэм хэтащ Индырбий. Бийм и къару иным пэмыльэощу, 1942 гъэм дивизэр хагъэщIауэ щытащ. Абы хэта зауэлI куэдым ящыIыгъуу, офицер цIэр зыхуагъэльэгъуа, ауэ иджыри зыфIамыща Индырбии гъэрпIэм ихуат, ауэ мазищ фIэкIа абы имысу къыщIэпхъуэжащ. Ди дзэхэм яхьыхэжа нэужь, Темрокъуэр заузэр иухыху фронтым и мафIаем Iутащ, и псэ емыблэжу, лIыгъэрэ хахуагъэрэ кьиГъэльагъуэу. 1943 гъэм уIэгъэ хьэлъэ хуащ Индырбий икIи Боржомы кьалэм дэт сымаджэщым мазиплым щIигъуIэ зыщигъэхъужащ, занщIэуи фронтым Iухьэжащ.

Зауэм и кIэм Темрокъуэр ирихьэлIащ Лениншрад корпусым и 134-нэ гвардие полкым хэту. Щалъхуа щыналъэм къыщигъэзэжам щыгъуэ, абы и бгъэгум щылыдырт зауэ дамыгъэ зыбжанэ. Апхуэдэзэт Хэку зауэ орденым и зэнэ, етIуанэ нагъыщIэхэр, «И хахуагъэм папщIэ», «Зауэм къыщыгъэлъэгъуа зэфIэкIхэм папщIэ», «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр.

Куэд дэмыкIыу Индырбий пэрыувэжащ егъэджэныгъэ I энатIэм. Абы зезыгъэужь жэрдэмыщIэхэр и куэдт егъэджакIуэ I эззым, методист IакIуэлъакIуэм. Зыпэрыт I энатIэм тепсэлъыхьу Индырбий жиIэрт: «ЕгъэджакIуэу улэжьэныр ар жэуапльныгъэ ин зыпылъ къатIэр къиГъэнакъым. Абы и нIэм щIэту иджыри студент куэдым ягъэхьэзыращ курсовой, диплом лэжьыгъэхэр, I энатIэм пэрыхьагъащIэ I эщIагъэлI ныбжьыщIэхэми чэнджащ щхьэпэхэмкIэ защIигъэкъуащ. А псоми кьинэмыщIауэ, Темрокъуэм зэфIихащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд.

Адэм и гъащIэр щапхъэ гъуэзэджэ яхуэхъуащ и бынхэми. Абырэ и щхьэгъусэ Пэсэжанрэ яплащ икIи гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэуващ бынищ: зы щIалэрэ хьэджэбзитIрэ. Абыхэм я къуэ Анатолэ пищат нэхъыжьыфIым кьрихьэжьа I эухум. Ар физико-математикэ щIэныгъэхэм я докторт, ЩIДАА-м, Петровскэ академием, Урысейм Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием я академикт. Профессор Темрокъуэ Анатолэ УФ-м и Правительствэм и нэIэм щIэту лажьэ, фундаментальнэ хэхъутэныгъэхэмкIэ фондым и советым хэту щытащ. Зэщхьэгъусэхэм ялхъуэ нэхъыжь Ларисэ филологие щIэныгъэхэм я кандидатщ, КъБКъУ-м и доцентщ. Хьэджэбз нэхъыщIэ Риммэ и I эщIагъэкIэ режиссёрщ, КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.

ЗауэлI, егъэджакIуэ I эзэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Темрокъуэ Индырбий Хьэжумар и къуэр 2006 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм дунейм ехыжащ. Хэкупсэ нэсыр, цIыху щыпкъэр нобэ кьытхэмытыжми, абы бгъэдэлъа I эзху зехьэкIэр, и дуней тетыкIар ди гум кьинащ ар зыцIыхуу щытахэм, далэжьахэм. Адэм и фэеплъыр сакъыу яхъумэ и бынхэми абыхэм къащIахъуэ щIэблэмэ. Апхуэдэхэм я лъэужьыр куэдрэ хэгъуэщэжыркъым.

МАМХЭГЪ Астемыр,
КъБКъУ-м и егъэджакIуэ.

● ДифI догъэлъапIэ

Черкесск къалэм щохъэщIа къэрал лэжьакIуэ Нэгуэр Наурызрэ (Амман) журналист Хьэфыщ I э Мухьэмэдрэ. Абыхэм я гъусэщ шэрджэс бысымхэр - I уэрыIуатэдж Мыжей Михаилрэ географ Борей Раурфрэ. *1970 гъэ*

Борей Рауф куэд хуэзэфIокI

ЩIДАА-м и академик, географие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Борей Рауф и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 85-рэ ирокъу.

ЦIыхУМ и псэм, и гум илъ дахагъэр, къабзагъэр фIэшхъуныгъэр, адыгагъэр нэрылъагъу зыщIыр абы илэжь I эухуэращ, ахэр иреин, ирецIыкIу. Борей Рауф ехьэлIауэ жыпIэ хьунущ ар зи I ащIэр щIэныгъэм хуэлэжьэным езыта, зи I энатIэм хьэлэну пэрыта щIэныгъэлI щыпкъу кьыззэрекIуэкIэ. Езы профессорым игу кьыззэригъэкIыжьымкIэ, ар гугъу ехьу къэхуащ. И адэри, и адэ къуэшхэри политикэ залымыгъэ зрахахэм яхэхуащ. И анэм къэрэшей благъэхэр иIэти, КъШР-м зэманкIэ щыпсэуащ, абы кьыхэкIыу къэрэшеибэзэр Рауф иджыри фIыуэ егъэшэрыуэф.

- Си анэр сымаджэрилэт, абы сригуэвез зэпытти, си мурадт докутыр I эщIагъэ зззгъэгъэтыну, ауэ си гъащIэр геграфие щIэныгъэм еспхащ, - игу кьегъэкIыж Борей Рауф. - Школым и класс нэхъыжьхэм сыщеджэу ди унэм кьыщIагъэтIысхат геграфиемкIэ егъэджакIуэ урыс цIыхубз. Абы и хьыбар гъэщIэгъуэнхэм сыдригъэхьэхауэ жыпIэ хьунущ а щIэныгъэм. Докутыр сымыхьуу геграфиер кьызззрыхэсхам зэи сыхущIегъуэжакъым.

ЩIалэ I ущым еджэныр фIыуэ кьехъулIэрт. Абы и щыхьэтщ 3-нэ курсым щеджэу абы иIуззэщIа курс пэжьыгъэр къэхутэныгъэу кьалъыитэу, журналым кьызззрытрадзар. Езыр щалъхуа КъШР-м хиубыдэ Хьэбзз кьуажэм и I эгъуэблагъэхэм деж щIым и зэхэлъыкIэм теухуат ар.

1955 гъэм Борейм ехьулIэныгъэкIэ еджапIэ нэхъыщхьэр кьиухащ. Аспирантурэм щIэтIысхьэу и щIэныгъэм хигъэхъуэн мурад иIэт, ауэ ар занщIэу кьехъулIакъым. А зэманым хабзэу щыIэрати, еджапIэ нэхъыщхьэр къзбуха нэужь аспирантурэм укъащтэн папщIэ илъэситIкIэ улэжьэн хуейт. Апхуэдэу Борейм Хьэбзз игъэззэкри, кьуажэ школым щылажьащ, иужькIэ райкомым и комсомол секретарь кьулыкъур кьыхуагъэфэщащ.

И мурадым ткIийуэ хуэкIуэ щIалэм экзаменхэр мыгувэу итри, аспирантурэм щIытIысхащ. Абы щригъэкIуэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэм и кIэухыу, Москва дэт къэрал пединститутым геграфие щIэныгъэхэмкIэ кандидат лэжьыгъэр 1962 гъэм щыпхигъэкIащ. АбыкIи игу зэгъакъым Рауф. Абы и щIэныгъэ лэжьыгъэр фIыуэ къалъытэри, Тбилиси дэткъэрал университетым 1974 гъэм щыпхигъэкIащ геграфие щIэныгъэхэмкIэ доктор диссертацэр, иужькIыуэкIэ профессор цIэ лъапIэри кьыфIащащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и экономикэ къудамэр зэфIэгъэувэным, I эщIагъэлIэр къеШэлIэным, еблэмэ, и пщIэр къэIэтыным и къарурэ зэфIэкIрэ хилъхьащ Борей Рауф. Мы зэманым а къудамэм щылажьэхэм, университетыр зэрыгушхуэхэм я нэхъыбэр Борейм ирагъэджа щIэныгъэлIхэм ящыщхэрщ, абыхэм къагъэсэбэп программэхэри, учIныгъэ I э зыбжанэри щIэныгъэлIым и I эдакъэщIэкIщ.

Борей Рауф КъБКъУ-м лэжьэну къызэраштар ялэу щызэхэсхар а зэманым ректору щыта Льоотэн Владимир жиIэщ,- игу кьегъэкIыж КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министру 1988 - 1996 гъэхэм лэжьа Тхьэгъэпсо Хьэжьисмел. - Ар блэкIа лIэщIыгъуэм и блыщ I эхэм я пэщIадзэт. КъБКъУ-м и ЩIэныгъэ Советым и зи чэзу зэхуэсыгъэуэм щыжаIащ егъэкIэм щылажьэхэм щIэныгъэхэм я доктор къаззрыхэхъуам. А зэманым университетыр интэкъым, щыIэхэр псори зэрыцIыхурт, икIи занщIэу гу I ратащ абыхэм хьэхьыа, «жьы зыщIэт» щIалэм. Сэ нэхъри гъунэгъуу Рауф кьыщыцIыхуар 90 гъэхэращ. А зэманым министр къулыкъур згъэзащIэрт. Дэтхэнэми ещIэж а лъэхъэнэм гъащIэм и лъэныкъуэ псомри зэхъуэжыныгъэшхэр зэрагъуэтар, егъэджэныгъэри абы хэмыту кьэнакъым. Ди министерствэм кьэкIуэрей хьуащ щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ псэ хьэлэлу хуэлажьэ егъэджакIуэ пажэхэр. Апхуэдэу зы махуэ гъэрым си деж кьыщIыхьащ Рауф, Емуэ Людмилэ и гъусэу. Ахэр иГъэпейтейрт геграфиемкIэ щIэныгъэр ди республикэм зэрыщыгъэувам.

Тхьэгъэпсом игу кьызззригъэкIыжьымкIэ, Боремрэ абы и лэжьэгъухэмрэ яхуэзфIэкIащ ялэ дыдэу «Геграфия КБР» дисциплинэр ди республикэм и школхэм щаджыну зэфIэгъэувэныр. А I уэху тынштэкьым. А лэжьыгъэм хьыхьэт зэреджэну программэхэр, тхыльхэр, методикэ дэIэпыкъуэгъуэхэр, атласхэр, картэхэр зэгъэпэщыныр. Геграфиер езыгъэджыну I эщIагъэлIхэр ягъэхьэзырын папщIэ дэIэпыкъуэгъу кьадэхъуат МКъУ-р икIи а еджапIэ нэхъыщхьэм и щIэныгъэлIхэм Рауф я пашэу зэман кIэщIым кьриубыдэу КъБР-м и школхэм я егъэджакIуэ куэд ягъэхьэзыращ. I уэхур апхуэдэу екIуэкIащ, 2001 гъэм КъБКъУ-м геграфиемкIэ кьудамэ кьызззIуахьыху. Апхуэдэу Борейм и фIыгъэкIэ ди республикэм и геграфиер школым щрагъэдж предметхэм хагъэхьащ.

Рауф и I эдакъэ кьыщIэкIащ щIэныгъэ тхыгъэу 120-м нэс, зэреджэ тхыльу 14 кьыдигъэкIащ, зыпэрыт I энатIэм ехьэлIа и гупсысэхэр хамэ къэралхэм кьыщыдэкI журналу 9-м кьытригъэзащ. Абыхэм ящыщщ ди школхэм геграфиер зэрыщрагъэджа тхыльу: «Экономико-географический очерк Карачаево-Черкесии», «Геграфия производительных сил Карачаево-Черкесии», «Геграфия Кабардино-Балкарии», «Атлас Кабардино-Балкарской Республики» жыхуэтIэжэр.

ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ емызэшьжу пэрыта профессорым и лэжьэгъуэхэм пщIэ, нэмыс кьыхуащI, уеблэмэ насыпыфIэу забжьж апхуэдэ унафэщI я пашэу зэрыщытар. КъБКъУ-м геграфиемкIэ и кафедрэм и пашэу щыщта илъэсхэм и лэжьэгъуахэм псалъэ гуапэ куэд хужа Iэ Борей Рауф. Абыхэм ящыщщ егъэджакIуэ нэхъыжь I энатIэр езыхьэкIа Петшак Еленэ.

«ЦIыху гъащIэр зи пэжьIпIэр къэгъуэтын хуей, зэфIэхын хуей лэжьыгъэшхуэщ, къэхутэн хуей щхэщ», жаIэ. Си гугъэщ Борей Рауф ахэр къыхэхуIащ. Ди республикэм геграфиемкIэ зы егъэджакIуи кьыщыбгъуэтынкъым а щIэныгъэлI Iэзэм имыгъэсауэ. ХьэхуэтакIуэ зэфIэкIыр Тхьэшхуэм кьыбгъэдилъхьащ цIыху псэ къабзэм, гулъытэ зыхэлъ унафэщIым. Абы и студентхэр сытым дежи хуригъаджэрт гъащIэр къэхутэныгъэшхуэхэм я гъэугуу къалъытэным, икIи абы щащI мурадхэр, пхъуантэм жьжьэу дамылъхьэу, ахэр икIэщIыпIэкIэ къаззрехьулIэным хущIэкъун зэрыхуейм.

Зыхалъхуа цIыхубзыгъуэ гу хьэлэлэ псэ къабзэкIэ гуащIафIэу хуэлэжьа Борей Рауф и махуэ лъапIэмкIэ гупсэу дохъуэхъу зи унафэщIу щыта кафедрэм, абы и лэжьакIуэхэм яфI, я ехьулIэныгъэ кьызэрыкIын I эухуфIхэм я жэрдэмщIакIуэу иджыри куэдрэ щытыну, узыншэу, гукъыдэж иIэу, гулъытэ щымыщIэу дунейм тетыну.

ЩОДЖЭН Iэминат.

● Фэеплъ

Ноби зи хъыбар яIуатэ

Ныбжьэгъу, ныбжь гъусэ - аращ гъащIэм щынэхъ щхьэпэ дыдэм адыгэр зэреджэр. Насып зиIэ цIыхурщ апхуэдэдэр гъащIэ гъусэ зыхуищIри. Дзыхь зэбгъэзу, чэнджэщэгъуэ пэжу, зэи кьызэромыижьынур пщIэуэ, илъэс 60-кIэ уздекIуэкIар щыпIэщIэкIам деж, уцIыхухъумри, нэпсыр уухуейхуэмеими кьыпфIыщIокI, уигури къогъыкI.

СIЭЩЦЭКIРИ лъэтэжащ гуапагъ зыхэлъ, IуэхуфI куэд зыдэслъэгъуа, зи чэнджэщхэр гъуэгугъэлъагъуэ схуэхъуа, гъащIэм сызыщIрихьэлIахэр кьызыдэзыIыгъа, кьызыдэзыгъэпсынщIа, сызэрыгушхуэу щыта Кумыщ Сафудин TIалиб и къуэр.

Ар си къуэшу фIэкIа слъэтакъым, езыри апхуэдэу кьыскуащIт. Абырэ сэрэ сыт щыгъуи дызэгъусэт, зззэмызэххэ си закъуэу си ныбжьыгъэ зэрисыхуззамэ: «Уи къуэшыр уигъусэкъыми, ар дауэ ухъу?» - жаIэрти, кьызэупщIырт. Апхуэдэ цIыху пэжхэр, гуапэхэр, зэфIэгъэкI зиIэхэр ми зэман мытынышым щыгъуэтыгъуейщ.

КъБКъУ-м кьыщызэрагъэпэща ветеринар кьудамэр ящыщ кьызыухахэр республикэм и колхоз, совхоз щхьэхуэхэм дыщылэжьами, Сафудинрэ сэрэ дызэпэIэщIакъым.

Езы Кумыщым лэжьэн щIидзащ Сэрмакъ дэта ветеринар лабораторэм и унафэщIу. Iэщ дохутыр нэхъыщхьэу Хьэсэней, Кьулъкъужьи джэдкъаз совхозхэм Iута иужькIэ, Бахъсэн районым и Iэщ дохутыр нэхъыщхьэу ягъэув. Абы щылажьэуз, гъэмахуэ зэманым Хьэмащэ хъупIэм и штабым и унафэщIу илъэс зыбжани кьрехьэлIэ. ЦIыхугъэшхуэ зыхэлъу, илъэс 50-кIэ Iэщ дохутыру лэжьа Кумыщым зыIута I энатIэ псоми лъэужьыфI кьыщигъэнащ.

Джэд мин зытхухым уз кьеуэлIауэ, щIалэм абыхэм яхьыхьамэ, къэхъуар занщIэу зэхигъэкIыфырт, жэм щэ бжыгъэ зыщIэт бом иригъаIэмэ, дэтхэнэр сыт зэманым лъхуэными кищIащт.

Апхуэдэ I эзагъэ зи I эщIагъэм хуэиа щIалэм сытым дежи фIэфIу щытащ зыдэпсэу, зыдэлажьэ цIыхуэмэ I эзхутхьэбзэхэр яхуищIэн, зэрылъэкIкIэ егуэнэкIын. Жэщ мащIи игъэкIуа-кьым абы, I эщ сымаджэ зиIэ унагъуэхэм ядэIэпыкъуу.

ЦIыхугъэшхуэ зыхэлъ щIалэр куэдым фIыуэ кьалъагъурт. Сафудин лэжьакIуэфI куэдейуэ аратэкъым. Ар и унагъуэмкIи, Iыхьлы-IэулэдхэмкIи фIыт, щхьэгъусэ гумащIэт, адэфIт. И бынхэм, абыхэм я быныжьхэм щапхъэфIу кьахуэнащ, я адэм, адэшхуэм дуней тетыкIэу, лэжьэкIэу зэрисыхуззамэ: «Уи къуэшыр уигъусэкъыми, ар дауэ ухъу?» - жаIэри, кьызэупщIырт. Апхуэдэ цIыху пэжхэр, гуапэхэр, зэфIэгъэкI зиIэхэр ми зэман мытынышым щыгъуэтыгъуейщ.

КъБКъУ-м кьыщызэрагъэпэща ветеринар кьудамэр ящыщ кьызыухахэр республикэм и колхоз, совхоз щхьэхуэхэм я ветеринар лабораторэм и унафэщIу. Iэщ дохутыр нэхъыщхьэу Хьэсэней, Кьулъкъужьи джэдкъаз совхозхэм Iута иужькIэ, Бахъсэн районым и Iэщ дохутыр нэхъыщхьэу ягъэув. Абы щылажьэуз, гъэмахуэ зэманым Хьэмащэ хъупIэм и штабым и унафэщIу илъэс зыбжани кьрехьэлIэ. ЦIыхугъэшхуэ зыхэлъу, илъэс 50-кIэ Iэщ дохутыру лэжьа Кумыщым зыIута I энатIэ псоми лъэужьыфI кьыщигъэнащ.

Джэд мин зытхухым уз кьеуэлIауэ, щIалэм абыхэм яхьыхьамэ, къэхъуар занщIэу зэхигъэкIыфырт, жэм щэ бжыгъэ зыщIэт бом иригъаIэмэ, дэтхэнэр сыт зэманым лъхуэными кищIащт.

Апхуэдэ I эзагъэ зи I эщIагъэм хуэиа щIалэм сытым дежи фIэфIу щытащ зыдэпсэу, зыдэлажьэ цIыхуэмэ I эзхутхьэбзэхэр яхуищIэн, зэрылъэкIкIэ егуэнэкIын. Жэщ мащIи игъэкIуа-кьым абы, I эщ сымаджэ зиIэ унагъуэхэм ядэIэпыкъуу.

ЦIыхугъэшхуэ зыхэлъ щIалэр куэдым фIыуэ кьалъагъурт. Сафудин лэжьакIуэфI куэдейуэ аратэкъым. Ар и унагъуэмкIи, Iыхьлы-IэулэдхэмкIи фIыт, щхьэгъусэ гумащIэт, адэфIт. И бынхэм, абыхэм я быныжьхэм щапхъэфIу кьахуэнащ, я адэм, адэшхуэм дуней тетыкIэу, лэжьэкIэу зэрисыхуззамэ: «Уи къуэшыр уигъусэкъыми, ар дауэ ухъу?» - жаIэри, кьызэупщIырт. Апхуэдэ цIыху пэжхэр, гуапэхэр, зэфIэгъэкI зиIэхэр ми зэман мытынышым щыгъуэтыгъуейщ.

КъБКъУ-м кьыщызэрагъэпэща ветеринар кьудамэр ящыщ кьызыухахэр республикэм и колхоз, совхоз щхьэхуэхэм

● Темыркъан Юрий и илъэс

Дирижёр Темыркъан Юрийрэ сурэтыщI Шемякин (КъардэнI) Михаилрэ. *1997 гъэ*

Юбилей къыдэкIыгъуэ

«IуащхьэмахуэI журналым и зи чэзу юбилей къыдэкIыгъуэр къытIэрыхьащ.

1958 гъэ лъандэрэ къыдэкI «IуащхьэмахуэI» журналым тхыдэ дахэ иIэщ. Абы и напэкIуэцIкэм дыкьыщIоджэ адыгэ тхакIуэ, журналист, усакIуэ зэчиифIэхэм литературэм, щэнхабзэм, гъуэгуджам, узынщагъэр хъумэным, спортым, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм ехьэлIа я тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэм икIи купщIафIэхэм, лъэпкъым зэфIэкI зиIэ и цIыху гуащIафIэхэм я ехьулIэныгъэхэм теухуа хьыбар гуапэхэм.

Зи илъэс 60 юбилейр мы гъэм зыгъэлъапIэ журналым и еппланэ кьыдэкIыгъуэр кьызэIуех абы и редактор нэхъыщхьэ Мыкъуэжь Анатолэ драгъэкIуэкIа «ЩIыхь зыпылъ гъуэгуанэ» интервьюмкIэ. «Iуащхьэмахуэм» къикIуа гъуэгуанэм, игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм, нобэ и Iуэху зыIутым, кьыпэщIыпэ кьалэн нэхъыщхьэхэм ар теухуащ. АдэкIэ кьыкIэлъокIуэ и редактор нэхъыщхьэу щытахэм, редакцэм щылажьэхэм, иджыпту а I энатIэм пэрытхэм я сурэтхэр. Журналым кьытехуащ, кьыдэкIыгъуэм и юбилейм ирихьэлIэу кьалэIэрыхьа къуэхъу дахэхэр. Апхуэдэхэщ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Кьумахуэ Мухьэдин, КъБР-м и ТхакIуэхэмI я зэгъуэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ Беппаев Муталин, Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгъуэныгъэм и тхьэмадэ Мэшбащ I э Исхьэкъ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъуроку Хьэутий, Къабардей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ I э Мухьэмэд, «Эльбрус» тхыль тедзапIэм и унафэщI Ацкъан Руслан, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэзэплъ Хьэсэн, филологие щIэныгъэхэм я докторхэу ХьэкIуащэ Андрей, БакIуу Хьанджэрий, Гъут I эдэм, Бищ I о Борис сымэ, УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ ЖьакIэмыхъу КIунэ сымэ, нэгъуэщIхэми кьабгъэдэкIа псалъэ гуапэхэр. Хьэрэхьухэр зэхуещIыж тхакIуэ, Хьэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и журналист Даур Жэхьфар и «Ди «IуащхьэмахуэI» усэмкIэ. А Iыхьэм хагъэхьащ Елгъэр Каширэ и I эдакъэ кьыщIэкIа «Зи I эджэгъум хуэфащ ди «IуащхьэмахуэI» щджащ» гукъэкIыжхэр. АдэкIэ зыхэзгъэгъуаэзэ хъунущ ТIымыжь Хьэмыщэ и «Лъэпкъ литературэм и гъэунэлIэ» тхыгъэ купщIафIэм.

«ЖьантIэ» Iыхьэр кьызэIуех тхакIуэ, щIэныгъэлI Нало Заур кьызэралъхуэр илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу Гъут I эдэм игъэхьэзыра «Къуру пашэ» тхыгъэмкIэ. Журналым и щIэджыкIакIуэхэм I эмал яIэщ Нало Заур и «Хьэбалэ и пхъэ гуащэр», «ТIыпIу и дыгъэ шыщIэр» новеллэхэмрэ и усэхэмрэ ягу кьагъэкIыжьыну. «Прозэ» Iыхьэм хагъэхьащ Мыз Ахьмэд и «Дыщэ жыг» повестыр. Iыхьищ зэхэлъ тхыгъэр журналым и щIэджыкIакIуэхэм I эщIэгъуэн зэращыхъунум шэн хэлъкъым. Уэз фIыуэ зыпылъгъуэм I эмал яIэщ «Усыгъэ» Iыхьэм хагъэхуаАцкъан Руслан и усэщIэхэм зыщагъэгъуэззэну. «Публицистикэ» Iыхьэм тхыгъит I кьызэщIеубыдэ. Ахэр Нэщ I эпыджэ Замирэрэ («Европэм адыгэгур кьыщоуэ» Кьэрмокъуэ Хьэмидрэ («ЛIэщIыгъуэхэм я лъэужь») я тхыгъэхэрщ. Европэм щыпсэу адыгэхэм я Щэнхабзэ федерацэм лэжьэн зэрыщIидзэмрэ мы гъэм илъэсипщI щрикъум ирихьэлIэу ар здэщIэ Германием щрагъэкIуэкIа, къэралипщIым я лIыкIуэ адыгэхэр зыхэта щэнхабзэм и фестивалым ди республикэм щыщхэми жыджэру зэрызыкьыщагъэльэгъуар, хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ абы зэрыщызэрыщIыхуар, адыгэм и I уэху дэгъэкIа зэрыхъунум, дуней псом ис ди лъэпкъэгъуэхэр нэхъри зэкъуэгъуэвэным зэрыщытепсэлъыхьар, зэхьыхьэшхуэм кьриубыдэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэззэщ I экIуэ гупым и зэIущIэ, нэгуэныжь пшыхь гукъинэжхэр зэрыщрагъэкIуэкIар, нэгъуэщIхэри кьыщIеуэтэж Нэщ I эпыджэ Замирэ и I эдакъэщI экIым. Къэжэр Хьэмид и «ПIэщIыгъуэхэм я лъэужь» тхыгъэ щIэщыгъуэм тхыдэм и лъагъуэхэм япэщIыкIэ дыхешэ, кьыкIэлъыкIуэу нарт хьыбархэмрэ пшынальэхэмрэ дигу кьегъэкIыж, адэкIэ нартыжьхэм я лIыгъэ зэрагъэунэхуу щыта шурылъэс джэгукIэм, Ашэмэз и бжьамийм кьежьапIэ хуэхъуам, пасэрей макъамэ I эмэсылэмэхэм я лъабжьэм, хьэщIэм кIэлъызэрахьэ хабзэхэм, нэгъуэщIхэми дыжегъэгъэуззэ. «Културэ» Iыхьэм хагъэхьащ Хьэвжокъуэ Людмилэ КъБР-м и цыхьэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат КIэмыргуей Валентин триухуа «Театрыр зи гъащIэ» тхыгъэр.

Адыгэбзэр нобэ зэрыт щытыкIэ гугъуэм, абы ехьэлIауэ щыIэ I уэху зэIумыбзэхэм игъэтузавэхэм I эмал яIэщ «Анэдэлъбзэ» Iыхьэм Бищ I о Борис «Ди бзэр тхъумэжыну дыхуеймэ» и тхыгъэм зыщагъэгъуэззэну. Абы кьыкIэтыкIуэ «ЩIэблэ» Iыхьэм ихуащ ГъукIэ-Мэремкъуэ Маринэ и «Жьапщэ» рассказыр. КьыдэкIыгъуэр зэхуещIыж псалъэзэблэдзым.

АРЦЫДАН Гуащэлинэ.

Лъэпкъым и набдзэ Нало Заур ягу къагъэкІыж

● Пшыхьхэр

Профсоюзхэм Щэнхабзэмкіэ я унэм жэпуэгъуэм и 5-м фэеплъ пшыхь щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ КъБР-м и цІыхубз тхакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Кавказ филологиемрэ этнокультурологиемрэ хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа Іэщ1агъэлІхэм ящыщ зы, усакІуэ, Іуэрыіуатэдж, литературэ критик, зэдзэкІакІуэ щІэрыІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ гъуэгурыкІуэ, Жылагъуэ Іахь Заур къызэрыгъэгъуэ илъэс 90 зэрырикъум. Зэхъыхьэр къызэгъэпэщыным я гуащІэрэ мылъкурэ халъхьащ «Нарт Хэку», «Хабзэ» щІалэгъуалэ хасэхэм, КъБР-м и Парламентым и депутат Іэпщэ Заур, «Печатный двор» Іуэхущ1апІэр зыгъэлажьэ Шумахуэ Залым, Бизнесымкіэ институтым и унафэщІу щыта Хъурей Феликс, «Синдика» Іуэхущ1апІэм и тхьэмадэ Къанокъуэ Арсен, хьэрычэтыщІэ Быиф Анатолэ, «Эль» шхапІэм и унафэщІ Щоджэнцыкіу Заур сымэ, нэгъуэщІхэми. Зэхъыхэр иригъэкІуэкІащ профсоюзхэм Щэнхабзэмкіэ я унэм и режиссёр нэхъыщхьэ Гумэ Маринэ.

Быхъурэ Мухьэмэд

ГъукІэ Замудин

ПШЫХЬШМ къриубгъэлІэхэр экранымкІэ иратхэрэ лъащ Нало Заур ГъащІэм, щІэныгъэм теухуа и гупсысэхэр, псалъэхэр къызыхэщу трахауэ щыта телевизионхэм щыщ пычыгъуэхэм. Абы ящыщу куэдым уезыгъэгупсыс, анэдэлъхубзэр, и лъэпкъыр фІыуэ зэрилъагъур къыщІиуатэ, илъэс пщы бжыгъэ и пэкІэ жиІами иджыри къару зиІэ и псалъэхэр: «Мы си псэр стыми адыгэбзэр схуэтынукъым, си псэм нэхъри ар сфІэнэхъапэщи. Адыгэм акъыл, гупсысэ иІэмэ, ар къыщежьэр и бзэращ. Сэ сыадыгэщ жызыІэ дэтхэнэми адыгэбзэр и псэм хуэдэу фІыуэ илъагъун, Урысеим къыхэна лъэпкъ цІыкІухэм я бзэр хъумэн хуейщ. Зи быным адыгэбзэ ешымыпэсу нэгъуэщІыбзэкІэ епсалъэр адыгэжкъым. Бзэ жыхуаІэр псалъэракъым, атІэ псэлъэкІэращ. Адыгэ псэлъэкІэр хъумэжьын хуейщ, псалъэм и гъусэу. Абы егъэгупсысыну сыхуейт адыгэ дэтхэнэри, ауэ псом хуэмыдэу тхакІуэхэр. Щэнхабзэ ин зиІэ лъэпкъращ экономикэ лъэщ зиІэри. Апхуэдэхэщ зызыужьа Инджылызыр, Америкэм и Штат Зэгуэтхэр, Германиер, Франджыр, нэгъуэщІхэри. Щэнхабзэр къыуМыІэтауэ экономикэм зыкъыпхуегъэІэтыныкъым. Адыгэ фащэр, адыгэшыр, адыгэ хабзэр, адыгэ уэрэдыжьхэр хъумэн хуейщ, щэнхабзэр къызэщІэзыкъуэу цІыхум и псэр бей, дахэ, лъэщ зыщІыр».

КъБКъУ-м и адыгэбзэ кафедрэм и унафэщІ **Къардэн Мусэдин** зэхьихьэм зыкъеІэзыгъэхьэлІэхэм ягу къигъэжІыжащ Нало Заур и гъащІэмрэ гъащІэмрэ.

ЩІэблэ гъэсакІуэ, лъэпкъыІЕ уцижкІуэ уВыпІэм нэсын ипэ, гъащІэ хъэлъэм ипсыхьщ, Іуэрыіуатэм, тхыдэм къыщІэтэджыкІщ, лъэпкъ гупсысэм щІапІыкІри а къупхъэм иту псэуащ Нало Заур. Урыху псыхъуэ къыдэкІ акъужьыр Іэфіу зи лъынтхуэ ирижа лІы щэджащэм зыщыщ лъэпкъым и бзэр, и хабзэр, и тхыдэр зэрыхуэзфІэкІкІэ игъэпэлІащ.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ щІэныгъэ институтым пІалъэ кІыхькІэ щылэжьами, зыщыщ лъэпкъым и Іуэрыіуатэм, уэрэдыжьхэм зыщыхигъэгъуэзар къызыхэкІам и нэхъыжьыфІхэм я дежщ.

Лъэпкъым хуэпІащэу, блэкІар ищІэрэ къэкІуэнум бащэу телажьэу и гъащІэр ирихьэкІащ. Іэщ1агъэ зэхуэмыдэхэм хуэІэижь лІы щэджащэм щІэныгъэр тхылъкІи гупсысэкІи езым щызыхищІэм, ирикури, къуригъэбл зэпыту и тхыгъэ купщІафІэхэр, щІэныгъэ лэжьыгъэу щитІымебэкІыр, тхылъ щхьэхуэхэр, бзэщІэныгъэм, Іуэрыіуатэм, хабзэм екъэлІа дауэдапщэхэр утыку къриІъхьащ. Сыт я уасэ «Адыгэ уэрэдыжьхэмрэ пшынальэхэмрэ» тхылъыпІлІыр, «Илъэсей адыгэбзэ литературэм и антологие», «Институт джэгуакІуэ», «Сабий щэнгъасэ» лэжьыгъэхэр, и Іэдакъэщ1акІ новеллэ гъуэзэджэхэр, нэгъуэщІ куэдхэри. Къэмыдэкіэ, Къэзанокъуэ Жбагъы тхыдэм къызэрыхэщыымрэ Іуэрыіуатэу зэрызекІуэмрэ зэхигъэкІщ, къихутэщ, пэжыр игъэнахуэри утыку къриихьэащ. ЩІэныгъэм куууэ хэуба, адыгагъэ зыхэлъ, гу щабэ зиІэ Налор куэдым хуэпабгъэт, хуэІэфІт, хуэгузасэт. Адыгэм еджа нэхъыбэу кьахэхІыным щІэхъуэпсыр ти, апхуэдэ Іуэхугъуэм хуэнэхъуеиншэу гу зылъыта щІалэгъуалэм дэІэпыкъуэгу яхуэхъурт икІи Заур ифІ эзэкІа куэдым я цІэ пхужьІэнущ. ТкакІуэу зыкъызэкъуихмэ, адыгэ гупсысэкІэт, усакІуэу зыкъигъаззмэ, псалъэ гъэджэгут, щІэныгъэлІ хъумэ, лъэпкъыщІэр зыІэтт, Іуэху зэфІэхым нэсамэ, хэкуІт.

Къардэн Мусэдин и псалъэхэм къыпищащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым Іуэрыіуатэмкіэ и секцэм и унафэщІ **Быхъурэ Мухьэмэд**.

- Нало Заур и гъащІэм и нэхъыбэр ди институтым щигъэкІыуащ, абы и гуащІэр зы Іуэхугъэу пыухыкІа щылъэм ипсыхьщ, Іуэрыіуатэм, тхыдэм къыщІэтэджыкІщ, лъэпкъ гупысэм щІапІыкІри а къупхъэм иту псэуащ Нало Заур. Урыху псыхъуэ къыдэкІ акъужьыр Іэфіу зи лъынтхуэ ирижа лІы щэджащэм зыщыщ лъэпкъым и бзэр, и хабзэр, и тхыдэр зэрыхуэзфІэкІкІэ игъэпэлІащ.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ щІэныгъэ институтым пІалъэ кІыхькІэ щылэжьами, зыщыщ лъэпкъым и Іуэрыіуатэм, уэрэдыжьхэм зыщыхигъэгъуэзар къызыхэкІам и нэхъыжьыфІхэм я дежщ.

Лъэпкъым хуэпІащэу, блэкІар ищІэрэ къэкІуэнум къызэрыхъэм Нало Заур и тхыгъэхэр ядж. Ди художественнэ литературэм, ар зыдж щІэныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуищІащ ткакІуэм. Езым и псалъэхэм къызэрыхэщыжьмкІи абы и гъащІэр зытриухуар, кьалэн нэхъыщхьэу иІар адыгэм и дунейр, и гъащІэр литературэ тхыгъэхэм къыщигъэлъэгъуэжьныщ. Заур адыгэ литературэм и щІэдзапІэр къэхутэным ехьэлІауэ зыхуигъуэвыжа къаІэнри къеХъэлІащ.

Апхуэдэ дыдэу Налом иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэми адыгэм и гъащІэр къэхощыж. ХХ лІэщІыгъуэм икуэм ирихьэлІэу абы лъэбакъуэ ин хичащ Іуэрыіуатэр зэхуэхьэсыныкъэ ар джынымрэ. Апхуэдэхэрщ нобэ утыку дыдэзрихьэ Іуэрыіуатэм и хъугъэфІыгъуэ псори тхуэзыхъуамар. Ахэр мыхъуамэ ди Іуэрыіуатэр ирикъуу ди деж къэсыжыну къыщІэкІынутэкъым. Налом къыЛъысу и закъуэ къриихьэлІар бжыгъэкІэ къэлъытэгъуейщ. Институтым и архивым ущыхэплъэкІэ, гу лъымытэу къанэрхьэм Іуэрыіуатэ жанрыр дунейм зэрытетар зэфІигъэувэжыным ар куууэ иужь зэриттам. Къэдрэ ущриихьэлІэ щыІэщ Іуэрыіуатэ итхьэжыну кІуауэ зриихьэлІа нэхъыжьым къуажэхъ дыгъэджэгут жриІэрэ а джэгукІэ хабзэм ириджэгуу зэрыщытам. А кассетэхэм гъэщІэгъуэн Іэджэ щызэхуэхьэсащ Іуэрыіуатэр къэзыІуэтэжахэм я дуней тетыкІэм теухуауэ. Заур къриихьэлІахэр шэч къытумыхьэу сыт хуэдэ тхылъми хэбгъахьэ хьунущ. Іуэрыіуатэм ухэІэбэжа нэужь, дауи, ар Іуэрыіуатэжьхьым. Ар ищІэрэ къызэрыжрэІэжам хуэдэ дыдэу Налом ар зэриттыжьынымэ хущІэкъурт. Нэхъапэкіэ тхылъ къэзыІуэхэм Нало Заур и тхыгъэхэр ядж. Ди художественнэ литературэм, ар зыдж щІэныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуищІащ ткакІуэм. Езым и псалъэхэм къызэрыхэщыымкІи абы и гъащІэр зытриухуар, кьалэн нэхъыщхьэу иІар адыгэм и дунейр, и гъащІэр литературэ тхыгъэхэм къыщигъэлъэгъуэжьныщ. Заур адыгэ литературэм и щІэдзапІэр къэхутэным ехьэлІауэ зыхуигъуэвыжа къаІэнри къеХъэлІащ.

Апхуэдэ дыдэу Налом иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэми адыгэм и гъащІэр къэхощыж. ХХ лІэщІыгъуэм икуэм ирихьэлІэу абы лъэбакъуэ ин хичащ Іуэрыіуатэр зэхуэхьэсыныкъэ ар джынымрэ. Апхуэдэхэрщ нобэ утыку дыдэзрихьэ Іуэрыіуатэм и хъугъэфІыгъуэ псори тхуэзыхъуамар. Ахэр мыхъуамэ ди Іуэрыіуатэр ирикъуу ди деж къэсыжыну къыщІэкІынутэкъым. Налом къыЛъысу и закъуэ къриихьэлІар бжыгъэкІэ къэлъытэгъуейщ. Институтым и архивым ущыхэплъэкІэ, гу лъымытэу къанэрхьэм Іуэрыіуатэ жанрыр дунейм зэрытетар зэфІигъэувэжыным ар куууэ иужь зэриттам. Къэдрэ ущриихьэлІэ щыІэщ Іуэрыіуатэ итхьэжыну кІуауэ зриихьэлІа нэхъыжьым къуажэхъ дыгъэджэгут жриІэрэ а джэгукІэ хабзэм ириджэгуу зэрыщытам. А кассетэхэм гъэщІэгъуэн Іэджэ щызэхуэхьэсащ Іуэрыіуатэр къэзыІуэтэжахэм я дуней тетыкІэм теухуауэ. Заур къриихьэлІахэр шэч къытумыхьэу сыт хуэдэ тхылъми хэбгъахьэ хьунущ. Іуэрыіуатэм ухэІэбэжа нэужь, дауи, ар Іуэрыіуатэжьхьым. Ар ищІэрэ къызэрыжрэІэжам хуэдэ дыдэу Налом ар зэриттыжьынымэ хущІэкъурт. Нэхъапэкіэ тхылъ гуэрхэм Іуэрыіуатэм щыщ хъыбархэр ихуами, жанркІэ зэщхьэщыхьжауэ ахэр къыдэгъэкІын хуей щыхъум, Заур пэжыгъэшхуэ зэфІихащ. КІуащ БетІал, Елбэд Хьэсэн, Нало Жансэхъу сымэ, нэгъуэщІхэми я тхыгъэхэр къэзыгъуэтыжу дунейм къытезыгъэхьар Нало Заурщ. Апхуэдэу Агъонокъуэ Лашэ, Сыжажэ Къыльшыкъуэ сымэ я усыгъэхэри къигъэтыжащ.

КъБР-м хуитныгъэхэм къащхьэщыж и жылагъуэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Хьэтэжьыкъуэ Валерэ** адэкІэ жиІащ:

- Нало Заур щІэныгъэм, адыгэ литературэм, сабий литературэм, литературоведенэм, Іуэрыіуатэм, публицистикэм хэлъхьэныгъэфІхэр хуищІащ. Адыгэ жылагъуэм, политикэм абы кьащигъэна Іэужьри апхуэдэщ. ЗэхъуэкІныныгъэхэм я зэманым щыщІдзауэ 2012 гъэм дунейм ехьжьыху абы куэд илажьащ. Совет Союзым щыгъуэ щыІа идеологием и зэранкІэ цІыхур гупсысэну, лъэпкъ Іуэхум теухуауэ тынШу псэлъэну хуиту щытакъым. Ауэ, сыт щыгъуи гупкэр щІащ, еджагъэшхуэхэр, интеллигенцэр, лъэпкъ Іуэхум пыщІахэр къаІэІэхуу, абы ирипсалъэу, щхьэу тхылъ гуэрхэр зэІэпахыу. Апхуэдэхэр сыт щыгъуи кІэлъыплъырт Заур и тхыгъэхэм, и публицистикэ, щІэныгъэ лэжьыгъэхэм. Сэ фІыуэ сощІэж абы «Адыгэ культурэм и тхыдэм щыщ» и тхылъыр къыщыдэкІам щІалэгъуалэм ди дежкІэ иІа мыхьэнэр, дригушхуэу, ди зэхэщІыкІым хигъахъуэу. Апхуэдэ купщІэ и публицистикэми яІэт. �щІэныгъэр, щэнхабзэр ягъэбыдзу диІэхэщ нэхъыжьыфІ куэд. Бгъэжьнокъуэкэ Барэсбийрэ Заурэ, Сокъур Валерэ, Хьэлупэ Джабрэйил, Бещтокъуэ Хьэбас, Црым Руслан, ЦІыпІынэ Аслъэн, Къыпл Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщІхэми Заур ижь къащІихуат. Ахэр хэтэ тхыдэтхщ, этногрофщ, сурэтыщІщ. Абы ящыщ дэтхэнэми къахуэщхьэпэн псалъэхэр ябгъэдилъхьэфырт щІэнгъуэзэм хуэфІгъадэ хъун щІэныгъэ зыбгъэдэлъ, лъэпкъым и набдзэ Нало Заур. А гупыр Заур и псалъэрэ и уциергэ щІэмыдэІуамэ, нобэ зэрыхъуам хуэдэ мыхъункІи хъунт.

Хьэтэжьыкъуэ Валерэ ягу къигъэжІащ Совет Союзым и гуащІэгъуэм, зэхъуэкІныныгъэхэм я зэманым адыгэ литературэм, щэнхабзэм дихьэх щІалэгъуалэ гупым «Ашэмэз» клубыр къызэрыгъэпэщащ. ИльэситхкІэ лэжьащ ар, тхьэмахуэ кьэс зэхуэсу. Нало Заур зыхэта а клубыр хуэмурэ политикэм хьыхьэн хуей хъуащ. Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 125-рэ щикъум ирихьэлІэу абы теухауэ пэкІу ирагъэкІуэкІыну «Ашэмэз» клубым хэтхэр утыку кьиихащ. Абы щыгъэ ягъэ кьагъэпльэгъуащ Урыс-Кавказ зауэм и пэжыпІэр ящІэн хуейуэ къызэральытэр. Абы ирихьэлІэу «Ашэмэз» клубым зеубгъу, и гъунапкъэм имызэгъэж мэхъури, политикэ организацэу устав зэхагъэувэ, конференц къызэрагъэпэщ. Апхуэдэу зэхьожьа Хасэм 90 гъэхэм Нало Заур и пашэ мэхъу икІи Хасэм и цІэкІэ депутату ар къагъэлъагъуэ. А зэманым Хасэм Іуэхугъуэ зыбжанэ илэжьащ. Апхуэдэщ адыгэбзэр къэралыбзэу щытын зэрыхуейр Парламентым къызэрыщащтар, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм теухауэ щыІа совет идеологиер - ди лъэпкъэгъуэм делагъэкІэ Хэкум икІауэ зэрыщытам теухуа гупсысэр - Хасэм зэригъэкІуэдар, абы екъэлІа лэжьыгъэшхуэ зэрыраГъэкІуэкІар. КъБР-м и Парламентым унафэ кьарагъэштауэ щытащ адыгэм лъэпкъ къэкІуэд къызэрыдащІыпІам теухуауэ. 1991 гъэм Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэзыгъэпэщащэм Нало Заури яхэтащ икІи абы и уставыр ащ зыгъэхар.

- Нало Заур здэкІуам Тхъэм щигъэтынш! Нобэ тлъэгуа мы сабий дыщэхэм я кьафэхэри фи Іэгуаузэхэри и псэм лъысыну дольэу. Заур и гъукІэгъэсэну сыщытащ, экспедицэ куэдми дыздыхэтащ, адыгэ Іуэрыіуатэр фІыуэ зэрызэгъэльэгъуамкІэ хуабжьу сыхуэзрэзыщ, Тхьэр арэзы къыхухъу. Нобэ Заур фІыуэ илъагъуу щыта адыгэ уэрэдыжьхэм ящыщу ди щІыналъэм щызэхуихьэса куэд ди архивым хэлъщ. Абыхэм ящыщхэм, адыгэхэм фІыуэ ялъагъуу щыта кьамылым и макъамэм нобэ федгъэдэІуэнущ, - жиІащ «Жьыу» ансамблим (Адыгэ Республикэ) и унафэщІ **ГъукІэ Замудин**.

Фэеплъ пшыхьым Нало Заур «Адыгэбзэр мэбзэрабзэ» и сабий усэм къыщеджащ МаргъуШ Тамерлан. Заур фІыуэ илъагъуу щыта адыгэ уэрэдыжьхэр ягъэзэщІащ «Кавказ» уэрэджьІакІуэ гупым хэтэу Молей Алихьанрэ БатІитІэ Мухьэмэдрэ, пшынауэ Іэзэ Пльджыдэ Алий, шыкІэпшынауэ, уэрэджьІакІуэ Уэтей Хьэзем, Адыгейм къикІа хьэщІэхэу ГъукІэ Замудин, Нэгъэрокъуэ Хьэзабэч, ЛІышэ Щамил сымэ. Кьафэм щІэ зэфІэкІхэр кьрихьэлІахэм я пащхьэм щагъэльэгъуащ «Кавказ пшэплъхэр», «Шагъдий» сабий кьэфакІуэ гупхэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Хъуэхъу

Мыкъуэжь (Бицу) КІулэ Мурат и пхъур нобэ къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу!

Ди анэ лъапІэ, ди анэшхуэ Іущабэ, ди гуапэу дынохъуэжьу укъыщалъхуа махуэмкІэ! Ди гъащІэр тхузбгъэнэхуу, тхузбгъэхабзэ, чэнджэщагъуфІу укъыддогъэгурыкІуэри, нобэ узэрыщытым кІэрымыхуу мы дуней дахэм утетыну ди гуапэщ. Узыншагъэрэ гуфІэгъуэрэ ущымыщІэу, уи бынхэмрэ абыхэм къащІэхъуэ щІэблэмрэ я насып ухэплъэу, дэрэжэгъуэу къуатым уи гур хигъахъуэрэ жьыщхьэ махуэу Тхьэм куэдрэ, куэдрэ ди япэ уригъэт!

Уи бынхэу Мыкъуэжьхэ Анатолэ, Людэ, Арсен, уи къуэрылъхуэху Ланэрэ Залинэрэ, уи малъхъэ Мурат.

P.S. Зи гъащІэ псор щІэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ тезыхуэа, «ЦІыхубэм щІэныгъэ етынымкІэ отличник», «ЕгъэджакІуэ нэхъыжь» цІэ лъапІэхэр хуэфащэ дыдэу зыфІащэ КІулэ теухуа тхыгъэ ди газетым и къыдэкІыгъуэ гъунэгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

● Футбол

Жэуап псынщІэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Дружба» (Мейкъуапэ) - 5:1 (2:1). Налшык, «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 14-м. ЦІыхуи 120-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Смирнов (Кисловодск), Бочков (Сочэ), Егоров (Дон Іус Ростов).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Лелюкаев (Тебэрды, 77), Ольмезов, Белоусов, КІэдыкІуей, Машэжь (Талабкэ, 80),Салахетдинов (Дзэсу, 88), Іэпщащ, Михайлов (Ашу, 63), Мэшыкъуэ И., Бажэ (Хьэгъуэ Къ., 78).

«Дружба»: Ковалёв (Гиголаев, 46), Черов (Кирьян, 34), Катаев, Ещенкэ, Хьэгъур Р., Къуэн, Еркин (Белов, 56), Делэкъуэ, Мамонов, Іэшэ (Мартынович, 56), Крылов (Кадимов, 56)

Топхэр дагъэкІащ: Еркиным, 3 (0:1). Ольмезовым, 6 (1:1). Бажэм, 42 - пенальтикІэ, (2:1). Мэшыкъуэ И., 66 (3:1). Машэжьым, 77 (4:1). Хьэгъур Къ., 90+3 (5:1).

Дагъуэ къыхуащІащ: Ещенкэ, Кирьян, Крыловым, Щоджэным, Лелюкаевым, Кадимовым, Мамоновым.

БЭРЭЖЬЕЙ кІуам Песчанокопскэ посёлкэм щыІэу жэуапыншэу топитку кьыхэзрыхудагъэкІар «Спартак-Налшыкым» псынщІэу ипшыныжащ. Пэжщ, взэсмахуэрей зэІущІри ди щІалэхэм хуэмыхуу ирагъэжьат икІи ещанэ дакъикъэм я гуэр хьэщІэхэм кьыхагъэщІат. АрщхьэкІэ абы иужькІэ дагъэльэгъуар псэр зыгъэгуфІэщ.

КъыкІэлъыкІэу ебгъэрыкІуэныгъэм нашыдзэсхэм ехъулІэныгъэ кьахуихьащ. Бажэ Амир ІэкІуэлъакІуэу кьрита топыр Ольмезов Артур «Дружба»-м худигъэкІри, бжыгъэр зэхуэдэ псынщІэ дыдэу ищІыжащ. АдэкІэ «Спартак-Налшыкым» и тепщэныгъэр гъунапкъэншэт.

Загъэпсэхуну икІынум куэд имыІэжу Михайлов Константин хьэщІэхэм я гъуэм пэмыжьжьэу ирауадащ. Пенальти! Ар Бажэ Амир Іэзэу игъэзэщІащ.

Джэгум и етІуанэ Іыхьэм Мейкъуапэ кІыкІахэм я щхьэр кьрагъэІэтакъым. Мэшыкъуэ Ислъам, Машэжь Ратмир, Хьэгъур Кьантемыр сымэ бжыгъэр 5:1-м нагъэсащ икІи зэман куэдкІэ «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэу щыта Ешыгу Сэфарбий и нобэрей гъэсэнхэр нэрылъагъуу хагъэщІащ.

Гуапэщ махуилІ ипэкІэ Песчанокопскэм щагъэута удын хьэлъэм ди щІалэщІэхэм я лъэр зэрыщІимыгъэхуар. Уеблэмэ, ерыщагъ ин зыхалъхьэри абыхэм я къыкІэлъыкІуэ хьэрхуэрэгъуэ бжыгъэшхуэкІэ ирагъэкІуэтыфащ. Апхуэдэу гупым къэкІуэну дахэ иІэну уегъэгугъэ.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым «Урожай»-м и пашэныгъэр щигъэбыдащ, «Чайка»-р Новороссийск зэрыщытемыкІуэфар кьигъэсэбэпри. Ар зыкъомкІэ и фІыгъэщ ди лъахэгъу Кьалмыкъ Амур. Краснодардэсхэм иужьу я хьэрхуэрэгъуэхэм худагъэкІа топитхури зейр адыгэ щІалэращ. КъыщэрыкІыпІа Кьалмыкым гъащІэкъуэу

ХЬЭЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Урожай»	12	10	2	0	21-5	32
2. «Чайка»	12	8	4	0	27-10	28
3. «Дружба»	12	7	3	2	21-11	24
4. «Волгарь»	12	7	0	5	15-15	21
5. «Черноморец»	12	6	3	3	25-11	21
6. «Биолог-Новокубанск»	12	6	1	5	16-12	19
7. **«Спартак-Налшык»**	**12**	**5**	**3**	**4**	**21-20**	**18**
8. «Легион Динамо»	12	4	4	4	16-14	16
9. «Мэшыкъуэ-КМВ»	12	4	4	4	12-13	16
10. «Спартак-Владикавказ»	12	3	3	6	15-19	12
11. СКА	13	2	6	5	8-14	12
12. «Ангушт»	12	1	7	4	6-9	10
13. «Краснодар-3»	12	2	3	7	13-27	9
14. «Академия»	13	1	3	9	9-26	6
15. «Динамо-Ставрополь»	12	1	2	9	12-30	5

● КъБР-м щыІэ МВД-м

Зейм Іэрагъэхьэж

КъБР-м щыпсэум полицэм и участковэ уполномоченнэхэм фІыщІэ яхуещІ фІэкІуэдар зэрыІэрагъэхьэжам папщІэ.

2018 ГЪЭМ жэпуэгъуэм и 1-м сыхьэт 13-м нэблэгъауэ Урысей МВД-м и Аруан къудамэм и полицейхэм къаІэныр Налшык къалэ щрахьэкІыу, Щоджэнцыкіум и уэрамым и къэувыІэпІэм деж къыщагъуэтащ цІыхуэхъу бохьшэ.

Урысей МВД-м и Аруан район къудамэм Полицэм и участковэ уполномоченнэхэм, балигъ мыхъуахэм я ІуэхугъэмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІ полицэм и майор Шокъум Хьазбэч полицэм и участковэ уполномоченнэ, полицэм и капитан Бекъуэ Бесльэнрэ къагъуэтащ ахъшэ, паспорт, шофёр тхылъ, нэгъуэщІхэри зыдэлъ бохьшэ. Ар ейт Хьэсэней къуажэм щыпсэум икІи полицейхэр паспортым къыщыгъэльэгъуа хэщІапІэм кІуащ.

Сыхьэтым къриубыдэу бохьшэр, псори дэлъу, зейм иратыжащ. ЦІыхуэхъум полицейхэм фІыщІэ кьахуищІу псалъэ гуапэкІэ ирагъэхьэжащ.

Сом мелуани 6-рэ мин 96-рэ япшын

Зэратх Іэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, фокладэм и 21 - 28-хэм къриубыдэу гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр 16486-рэ къызэпаудащ. Псоми зэхэту къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуани 10-рэ мин 836-рэ. А махуэхэм къриубыдэу сом мелуани 6-рэ мин 96-рэ, тралъхьам и процент 56-р, япшынащ.

КъУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фІагъэкІамэ, Іуэхур суд приставхэм Іэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэувэ пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьэ) къриубыдэу ямышынмэ, ар хуэдитІкІэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кІэ цІыхур ягъэлажьэ.

Къуэды птелъэрэ-птемылъэрэ кьыщыпщІэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м фигу къьегъэкІыж:

- рулым дэсхэм гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр уэим фымыщІ!

- административнэ къуэдыхэр и чэзум фыпшын.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыдж Замирэ, Щ1хьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щІыуэпсыр хъуэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтеХу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дзыгъэазэм и 19-м Печатным и хуитныныгъэр хъуэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Соня**, *редакторыр* **Жыласа Заурбэч**, *корректорхэр* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ* **Доп Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 2.108 ●Заказ №1036